

8YÈM ANE

NIVO ENTÈMEDYÈ

EGZAMEN SYANS

EGZAMEN EKRI

PRENTAN 2008

Non elèv la _____

Non lekòl la _____

Egzamen sa a ap evalye konesans ou nan syans. Egzamen sa a gen de pati. Toulède pati sa yo nan ti liv sa a.

Pati I a gen 45 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo sou yon fèy papye repons apa a. Itilize yon kreyon nimewo de (2) sou fèy repons lan.

Pati II a gen 36 kesyon san chwa. Ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a nan espas yo bay pou sa nan ti liv la.

Ou kab itilize yon kalkilatri pou w reponn kesyon egzamen an si ou vle.

W ap gen dezèdtan pou w reponn kesyon ki nan egzamen an.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN.

Pati I

EKSPLIKASYON

Gen 45 kesyon nan Pati I egzamen sa a. Apre chak kesyon gen kat repons ki gen nimewo 1 jiska 4. Li chak kesyon ak anpil atansyon. Deside kiyès nan repons ochwa yo ki bon repons lan. Nan fèy apa kote pou ekri repons lan, make repons ou sou ranje ki gen ti sèk pou chak kesyon yo. Nwasi ti sèk ki gen menm nimewo ak repons ou chwazi a.

Li egzanzp ki la a:

Egzanzp

Latè resevwa pifò pati nan limyè 1 nan

- (1) etwal yo
- (2) Solèy la
- (3) Lalin nan
- (4) lòt planèt yo

Repons ki kòrèk la se **Solèy la**, ki se repons nimewo **2**. Sou fèy pou make repons ou an, gade bwat ki montre ranje ki gen ti sèk pou repons pou kesyon ki nan egzanzp lan. Kòm se chwa nimewo **2** a ki repons ki bon pou kesyon nan egzanzp lan, se ti sèk ki gen nimewo **2** a ki nwasi.

Reponn tout kesyon nan Pati I menm jan an. Nwasi yon sèl ti sèk pou chak kesyon. Si w ta vle chanje repons ou a, efase premye ti sèk ou te nwasi a byen efase, epi nwasi ti sèk ou vle kòm repons lan.

Ou p ap bezwen fèy bouyon. Ou kab sèvi ak paj ti liv sa a kòm bouyon.


Ou kab sèvi ak yon kalkilatri, si w ta bezwen youn.

Lè yo di w kòmanse, vire paj la epi kòmanse ak kesyon nimewo 1. Fè anpil atansyon epi reponn tout kesyon ki nan Pati I.

Lè w fini Pati I, al nan Pati II toudwat. Reponn tout kesyon ki nan Pati II.

Pati I

1 Yo montre kat òganis vivan ki diferan anba a.



Ki deklarasyon ki vre pou tout òganis yo montre yo?

- (1) Yo fè fotosentèz.
- (2) Yo gen plizyè selil.
- (3) Yo gen pou pi piti yon selil.
- (4) Yo se konsomatè.

2 Kouri pou danje se yon aksyon ki mande pou sistèm nève a kowòdone echanj ant kilès de sistèm ki nan kò a ?

- (1) dijestif ak andokrin
- (2) miskilè ak eskelèt
- (3) repwodiktif ak ekskretwa
- (4) sikilatwa ak dijestif

3 Dyagram yo anba a montre de òganis.



(Pa desinen sou echèl)

Kòman yo klase de òganis sa yo?

- (1) menm wayòm, diferan espès
- (2) menm wayòm, menm espès
- (3) diferan wayòm, menm espès
- (4) diferan wayòm, diferan espès


4 Ki sistèm ki pwodwi majorite òmòn nan kò imen an?

- | | |
|---------------|----------------|
| (1) sikilatwa | (3) andokrin |
| (2) dijestif | (4) respiratwa |

5 Chak selil kò yon pwason jòn gen 94 kwomozòm. Konbyen kwomozòm ki genyen nan yon selil seksyèl yon pwason jòn?

- | | |
|--------|---------|
| (1) 23 | (3) 94 |
| (2) 47 | (4) 188 |

6 Dyagram anba a montre yon plant vèt.




Ki fonksyon prensipal estrikti plant la ki make ak lèt A a?

- (1) repwodiksyon
- (2) lage eleman mineral
- (3) absòbe dlo
- (4) sipò

7 Ki inite yo itilize pou reprezante kantite enèji nan manje?

- | | |
|-------------------|-------------|
| (1) Kalori | (3) milimèt |
| (2) degre Celsius | (4) gram |

8 Desen anba a reprezante yon pè kwomozòm.



Zòn ki make “ne a” montre pozisyon

- (1) selil ze yo
- (2) selil espèm yo
- (3) òmòn repwodiktif yo
- (4) jèn espesifik yo

9 Anpil machin kounye a fèt pou gen pi bon sistèm konsomasyon gaz pase sa anvan yo. Chanjman sa a se rezilta nesese pou

- (1) resikle materyèl
- (2) ogmante sekirite
- (3) fè pwodwi chimik
- (4) konsève resous

10 Yon syantifik melanje de diferan varyete mayi pou pwodwi yon sèl varyete ki gen karakteristik tou de paran yo. Teknik sa a se yon egzanp

- (1) konpetisyon
- (2) seleksyon natirèl
- (3) elvaj selektif
- (4) siksesyon ekolojik

11 Ki sous manje kèk fongis?

- (1) limyè soleil
- (2) oksijèn
- (3) gaz kabonik
- (4) òganis ki mouri

12 Ki evenman ki se pi bon egzanp konpetisyon ant espès ki nan yon anviwonman letan?

- (1) demwazèl ki pose sou yon flè lili
- (2) grenouy ak krapo k ap manje moustik
- (3) leza ak koulèv ki blayi nan solèy la
- (4) fokon k ap manje sourit

13 Dyagram anba a montre yon koup transvèsal yon grenn pwa.



Fonksyon pati X la nan grenn pwa a se pou

- (1) bay anbriyon an pwoteksyon
- (2) pote aliman nitritif pou anbriyon an
- (3) anpeche mitasyon nan plant la
- (4) goumen kont enfeksyon nan plant la

14 Yo rele zèb yo, touf bwa yo, ak pye bwa yo pwodiktè paske yo bay

- (1) dlo
- (2) gaz kabonik
- (3) eleman mineral
- (4) manje

15 Yon zo ki kase geri nan pwosesis

- (1) adaptasyon
- (2) mitasyon
- (3) divizyon selilè
- (4) dijesyon chimik

16 Ki sibstans tout sa ki vivan bezwen pou siviv?

- (1) san
- (2) dlo
- (3) gaz kabonik
- (4) tè òganik


17 Ki avantaj yon espès ki repwodwi seksyèlman genyen sou yon espès ki repwodwi aseksyèlman?

- (1) Gen pi gran varyasyon pami pitit yo.
- (2) Pitit yo sanble marasa ak paran yo.
- (3) Sèlman yon paran ki nesese pou repwodiksyon
- (4) Yo pa bezwen okenn selil seksyèl pou repwodiksyon.

18 Ki sa ki pwodwi nan sistèm repwodiktif mal ak femèl nan imen?


- (1) espèm
- (2) aliman nitritif
- (3) ze fètalize
- (4) selil seksyèl

19 Ki pwosesis lavi ekwasyon anba a montre?




- (1) sikilasyon
- (2) repwodiksyon
- (3) lokomosyon
- (4) respirasyon


20 Ki dyagram ki anba a ki reprezante yon kalite tisi imen? (Dyagram yo pa desinen sou echèl.)




Selil nè
(1)



Misk
(2)




Ren
(3)



Sistèm dijestif
(4)


21 Ki pwosesis yo montre nan dyagram anba a?



(Pa desinen sou echèl)

- (1) evolisyon
- (2) migrasyon
- (3) fotosentèz
- (4) metamòfoz


22 Dyagram anba a montre yon chèn alimantè pou yon kominote.



Ki òganis nan dyagram nan ki kanivò?

- | | |
|--------------------------|----------------------------|
| (1) lapen yo ak zwazo yo | (3) krikèt yo ak sourit yo |
| (2) kawòt yo ak zèb yo | (4) rena yo ak chwèt yo |

23 Dyagram anba a montre yon materyèl k ap sèvi ant yon anviwonman vivan ak youn ki pa vivan.




Ki materyèl k ap sèvi a?

- | | |
|-----------------|-------------|
| (1) gaz kabonik | (3) oksijèn |
| (2) nitwojèn | (4) dlo |

- 24 Ki enfòmasyon ki ta kapab pi byen ede yon moun k ap eseye idantifye yon echantyon mineral?
- (1) pozisyon ak mas echantyon an
 - (2) fòm ak kalite echantyon an
 - (3) tras sou echantyon an ak jan li di
 - (4) koulè ak gwosè echantyon an
- 25 Nan ki kalite wòch y ap pi vit jwenn tras fosil yon fèy foujè?
- (1) inye
 - (2) metamòfik
 - (3) sedimantè
 - (4) vòlkanik
- 26 Etid onn tranblemanntè te ede syantifik yo jwenn
- (1) estrikti enteryè Latè
 - (2) pwofondè oseyan yo
 - (3) kòz disparisyon dinozò yo
 - (4) laj Latè
- 27 Yon bagay akselere a 3 mètr pa segonn² lè yo egzèse yon fòs 10-newton (N) sou li. Ki fòs ki ka lakòz bagay sa a akselere a 6 mètr pa segonn²?
- (1) 5 N
 - (2) 10 N
 - (3) 20 N
 - (4) 30 N
- 28 Ki deklarasyon yo t a pi vit bay nan yon nouvell ki pale sou yon siklòn kap vini?
- (1) Louvri fenèt yo pou balanse presyon lè a.
 - (2) Mete kawoutchou pou nèt epi tchehe antifriz nan radyatè machin nan.
 - (3) Evakye zòn ki nan altitud ba tou pre lakòt la.
 - (4) Atann ou pou van an bese nan plizyè èd tan.
- 29 Sifas Latè kouvri pifò ak
- (1) wòch solid
 - (2) wòch ki fonn
 - (3) glas
 - (4) dlo

- 30 Yon pati kòt lès Amerikdisid la ak kòt lwès Lafrik gen menm fosil ki gen menm seri kouch wòch. Sa montre kontinan sa yo yon lè
- (1) te separe pa yon oseyan ki pi laj
 - (2) te rankontre ansanm tankou yon mas tè
 - (3) te sitiye tou prè Pòl Nò a
 - (4) te nan yon emisfè diferan

- 31 Dyagram anba a montre yon wòch ki anlè tèt yon veso ki twò plen ak dlo ki monte jis nan bouch tib ki twò plen an. Yo mete yon silenn gradye tou pre veso a pou ranmase dlo k ap tonbe nan bouch tib ki twò plen an.



Ki pwopriyete wòch la yo kapab jwenn lè yo mete wòch la nan veso ki twò plen an.

- (1) mas
 - (2) dansite
 - (3) volim
 - (4) dite
- 32 Yon chanjman bridsoukou nan tan an nan yon sèten pozisyon plis fèt akòz
- (1) yon mas lè kap rive
 - (2) yon gwo tranblemanntè
 - (3) yon gwo vag lanmè
 - (4) yon eklips Lalin nan


33 Ki pwosesis ki se yon egzansp yon chanjman fizik?

- (1) bwa k ap boule (3) glass k ap fonn
 (2) fè k ap wouye (4) lèt k ap tounen

34 Ki deklarasyon ki pi byen dekri chanjman enèji ki fèt pandan yon timoun ap desann yon mòn apik ki kouvri ak nèj sou yon paten?

- (1) Enèji kinetik diminye epi enèji potansyèl ogmante.
 (2) Enèji kinetik ogmante epi enèji potansyèl diminye.
 (3) Enèji potansyèl ak enèji kinetik diminye.
 (4) Enèji potansyèl ak enèji kinetik ogmante.

35 Graf anba a montre koube chalè pou Sibstans X la.



Apeprè nan ki tanperati chanjman yon faz ap kòmanse?

- (1) -30°C (3) 0°C
 (2) -10°C (4) 18°C


36 Ki egzansp ki pi byen montre pwosesis kondiksyon an?

- (1) Yo chire yon mòso papye an de.
 (2) Lè cho ki monte anlè yon balèn ki limen.
 (3) Yon kiyè an fè ki vin cho lè yo sèvi avèl pou brase yon soup cho.
 (4) Limyè solèy klere yon chanm fènwa.

37 Tout matyè fèt ak

- (1) selil yo (3) molekil yo
 (2) atòm yo (4) konpoze yo


38 Dyagram anba a montre dlo k ap chofo nan yon flakon. Flakon an gen yon bouchon an kawoutchou ki gen yon tib an vè ki sòti deyò. Yo bay nivo dlo a nan tib an vè a. Tanperati dlo a 25°C .



Si chofaj la kontinye, dlo nan tib an vè a ap plis

- (1) tounen solid
 (2) vin pi dans
 (3) deplase ale nan flakon an
 (4) monte pi wo nan tib la.


39 Dyagram anba a montre yon kiyè an fè nan yon vè dlo.




Ki pwosesis ki lakòz kiyè an fè a parèt fann oubyen kase?

- (1) absòpsyon (3) konveksyon
 (2) refraksyon (4) refleksyon


40 Dyagram anba a montre yon modèl echantiyon patikil gaz ki genyen tanperati nòminal yon chanm.



Ki dyagram ki pi byen montre rezilta lè yo retire chalè nan echantiyon sa a jiskaske li jele?



41 Dyagram anba a montre yon awozwa k ap vire. Dlo a ap sòti nan yon tiyo epi awozwa a voye li deyò.




Ki prensip ki pi byen eksplike poukisa awozwa a ap vire?

- (1) Chak aksyon gen yon reyaksyon egal epi opoze.
- (2) Sibstans solid yo jeneralman pi dans pase sibstans likid yo.
- (3) Enèji lage lè dlo kondanse.
- (4) Majorite sibstans detire lè yo chofe epi ratresi lè yo frèt.

42 Fòs gravitasyonèl ant Lalin ak Latè depann de

- (1) mas yo, sèlman
- (2) dyamèt yo, sèlman
- (3) mas yo ak distans yo ye yonn ak lòt
- (4) dyamèt yo ak distans yo ye yonn ak lòt

43 Dyagram anba a montre yon mato yon moun ap itilize pou retire yon klou nan yon mòso bwa.



Mato a sèvi tankou ki kalite machin senp?

- (1) wou ak aks
- (2) plan encline
- (3) levye
- (4) pouli

44 Tablo enfòmasyon anba a montre chanjman nan kat diferan mezi pandan yon moun ap devlope depi lè li fèt rive nan granmoun. Yo bay chak mezi an pousantaj valè granmoun nan.


Tablo Enfòmasyon

Mezi	Pousantaj Valè Granmoun (%)		
	Lè yon moun fèt	5 Lane	Granmoun
pwa sèvo	25	90	100
gwochè tèt	60	90	100
wotè	30	65	100
pwa tout kò a	5	30	100

Dapre tablo a, ki mezi ki montre pi gwo ogmantasyon pousantaj depi moun nan fèt pou rive laj 5 kan?

- (1) pwa sèvo a
- (2) gwochè tèt la
- (3) wotè
- (4) pwa tout kò a

45 Dyagram anba a montre òbit Kòmèt Halley ozalantou Solèy la jan yo wè li nan lespas. Yo montre òbit Latè tou.



Sèl lane yo montre kote yo te ka wè Komèt Halley pandan yo sou Latè san yon teleskòp sete 1910 ak 1986. Nan ki lòt lane yo te ka wè Komèt Halley pandan yo sou Latè san yon teleskòp?


- (1) 2010
- (2) 2062
- (3) 2086
- (4) 2110

Pati II

Eksplikasyon (46-81): Ekri repons ou yo nan espas yo bay anba chak kesyon.

Sèvi ak enfòmasyon anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 46 ak 47 yo.


Dyagram anba a montre rezilta aktivite yon mouch ki konn sou fwi ki te fèt nan yon peryòd 20 jou. Nan jou 1 an, yo te mete 4 mouch nan yon bokal ki gen manje ak dlo. Bokal la gen yon kouvèti ki pèmèt ase lè rantrè pou mouch yo viv men li pa pèmèt yo sove oubyen pou lòt mouch rantrè. Yo montre kantite mouch yo wè nan bokal la pandan peryòd 20 jou an.



46 Idantifye pwosesis ki responsab chanjman nan popilasyon an ki te fèt sòti jou 1 an pou rive 13yèm jou a. [1]

47 Bay *yon* rezon posib ki fè anpil mouch mouri sòti 13yèm jou a pou rive 20yèm jou a. [1]

Sèvi ak dyagram anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 48 ak 49 yo. Dyagram nan montre enfòmasyon sou repwodiksyon seksyèl ak devlopman lapen yo.



(Pa desinen sou echèl)

48 Idantifye pwosesis k ap fèt nan A a. [1]

49 Idantifye pwosesis k ap fèt nan B a. [1]

Sèvi ak enfòmasyon sou gwoup sangen anba a pou reponn kesyon 50 ak 51 yo.

San moun klase nan kat kategori: A, B, AB ak O. Jèn paran yo pase bay pitit yo fòm gwoup sangen pitit yo. Chak paran bay yon pitit yon jèn pou gwoup sangen an. Konbinezon de jèn yo bay gwoup sangen pitit la.

Genyen twa jèn, *A*, *B*, ak *o*, ki responsab pou kat gwoup sangen yo. Tablo anba a montre kòman twa jèn sa yo aji ant yo menm pou bay 4 gwoup sangen yo.

Definisyon Gwoup Sangen

Jèn ki sòti nan Paran yo		Jèn Pitit	Gwoup Sangen Pitit
Manman	Papa		
<i>A</i>	<i>A</i>	<i>AA</i>	<i>A</i>
<i>A</i>	<i>o</i>	<i>Ao</i>	<i>A</i>
<i>A</i>	<i>B</i>	<i>AB</i>	<i>AB</i>
<i>B</i>	<i>B</i>	<i>BB</i>	<i>B</i>
<i>o</i>	<i>B</i>	<i>Bo</i>	<i>B</i>
<i>o</i>	<i>o</i>	<i>oo</i>	<i>O</i>

50 Kare Punnett la anba a montre pwobablite gwoup sangen nan pitit de paran. Jèn gwoup sangen yon paran se *AB* epi jèn gwoup sangen lòt paran an se *Ao*.

	<i>A</i>	<i>B</i>
<i>A</i>	<i>AA</i>	<i>AB</i>
<i>o</i>	<i>Ao</i>	<i>Bo</i>

Dapre kare Punnett la, idantifye pousantaj pitit ki dwe genyen nan chak kat gwoup sangen yo. [1]


Gwoup sangen A: _____%

Gwoup sangen AB: _____%


Gwoup sangen B: _____%

Gwoup sangen O: _____%

51 Konplete kare Punnett la anba a, ki montre yon kwazman ant de paran ki gen jèn gwoup sangen yo *AB*.
 [1]



Sèvi ak dyagram anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 52 ak 53 yo. Dyagram nan montre yon selil plant òdinè ak kèk pati ladan li.



Selil plant

Kle	
—	Manbràn selilè
▨	Pawa selilè
∪	Gwo vakyòl
●	Nwayo
●	Klowoplas


52 Ki pati nan selil la k ap dirije aktivite yo nan selil la? [1]

53 Idantifye *de* pati nan selil la ki montre dyagram sa a reprezante selil yon plant men pa yon selil bèt. [1]

(1) _____

(2) _____


Sèvi ak dyagram anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 54 ak 55 yo. Dyagram nan montre yon pwosesis ki fèt nan fèy yon pye bwa ak nan lòt òganis ki gen klorofil. Fèy la rale enèji, gaz kabonik, ak dlo epi li pwodwi oksijèn ak sik.



54 Idantifye pwosesis dyagram sa a reprezante a. [1]

55 Ki fòm enèji fèy la pran? [1]

56 Dyagram anba a montre echanj gaz ant plizyè òganis diferan.



Bèt ki nan dyagram nan depann sou plant yo pou oksijèn. Idantifye *yon* lòt fason kote bèt yo depann sou plant yo. [1]

Sèvi ak dyagram anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 57 ak 58 yo. Dyagram nan montre moulen ki mache ak van yo itilize pou bay kouran.




Moulen ki mache ak van

57 Dekri *yon* avantaj (apa lajan) ki genyen lè yo sèvi ak moulen ki mache ak van yo olye yo boule gaz fosil pou pwodwi elektrisite. [1]

58 Dekri *yon dezavantaj* (apa lajan) ki genyen lè yo sèvi ak moulen ki mache ak van yo olye yo boule gaz fosil pou pwodwi elektrisite. [1]

59 Dyagram anba a montre Latè jan yo wè li nan lespas.



Ki mouvman Latè flèch ki nan dyagram nan reprezante? [1]

Sèvi ak enfòmasyon anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 60 jiska 62.


Lalin nan ap vire ozalantou Latè nan yon mouvman regilye ki previzib.

60 Apeprè konbyen tan li pran pou yon sik konplè faz Lalin yo fèt? [1]

61 Ki pi gwo fòs ki kenbe Lalin nan nan òbit li ozalantou Latè? [1]


62 Idantifye *yon* evennman yo obsève, apa faz Lalin yo, ki fèt akòz Lalin nan k ap vire ozalantou Latè. [1]

Sèvi ak dyagram anba a epi ak konsepsyon ou nan syans pou reponn kesyon 63 ak 64 yo. Dyagram nan montre pozisyon Latè pa rapò ak Solèy la 21 Desanm, ki se premye jou livè a nan Emisfè Nò a. Kote ki fonsè yo reprezante zòn sou Latè pandan lanwit.




21 Desanm

63 Dyagram anba a montre Latè pa rapò ak Solèy la 21 Jen, ki se premye jou ete nan Emisfè Nò a. Desinen epi make pozisyon Pòl Nò ak Pòl Sid yo nan dyagram nan. [1]




21 Jen

64 Nan dyagram anba a, nwasi zòn sou Latè kote li lanwit 21 Jen. [1]



21 Jen

Sèvi ak dyagram anba a epi ak konsepsyon ou nan syans pou reponn kesyon 65 ak 66 yo. Dyagram nan montre sik wòch nan kwout Latè.




65 Ki kalite wòch ki fòme soti nan magma dirèkteman? [1]

66 Idantifye de pwosesis ki dwe fèt pou fòmasyon yon wòch sedimantè. [1]

(1) _____

(2) _____


Sèvi ak dyagram anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 67 ak 68 yo. Dyagram nan montre fwontyè ant plak kwout Latè yo. Flèch yo montre direksyon mouvman plak yo.



67 Ki teyori ki sèvi pou montre mouvman plak kwout Latè yo. [1]


68 Idantifye yon evenman jeolojik ki fèt souvan tou pre fwontyè kalite plak kwout Latè sa a. [1]

69 Dyagram anba a montre yon anpoul limyè, batri, ak bouton ki konekte ak fil kouran.



Eksplike poukisa anpoul limyè a pa limen lè bouton an nan pozisyon yo montre w la. [1]

70 Dyagram anba yo montre twa sitiyasyon kote sik ap fonn nan dlo.



Idantifye *de* varyab ki afekte vitès sik la fonn nan dlo a. [2]

(1) _____


(2) _____

71 Goblè yo montre anba a gen kat likid ki gen diferan dansite. Blòk yo montre nan goblè a reprezante 4 diferan materyèl solid. Tablo anba a montre dansite kat materyèl solid yo.

Dansite Materyèl Solid


Materyèl Solid	Dansite (g/cm ³)
kwiv	8.90
plastik	1.17
kawoutchou	1.34
bwa	0.71

Bay kibò chak nan kat materyèl solid yo ta kapab ye pandan w ap ekri non chak materyèl solid yo nan espas yo bay la. [2]



72 Yon goblè gen sèl ki fonn nan dlo ki ladan l. Dekri *yon* metòd yon elèv ka itilize pou separe sèl la ak solisyon an. [1]

Sèvi ak dyagram anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 73 ak 74 yo. Dyagram nan montre w yon twonbòn an fè ki atache ak baz yon etalaj pou sipò ak yon kòd. Yo kole yon leman nan etalaj pou sipò a ak yon pens.



73 Kisa ki ta kapab pase twonbòn an fè a si yo te koupe kòd la? [1]

74 Eksplike kòman dyagram nan ta kapab chanje si twonbòn nan te fèt an plastik. [1]


Sèvi ak tablo enfòmasyon anba a, ki montre mas klori amonyòm maksimòm ki ka fonn nan 100 gram dlo nan plizyè tanperati, pou reponn kesyon 75 jiska 77 yo.

Tablo Enfòmasyon

Tanperati Dlo (°C)	Mas Klori Amonyòm Maksimòm ki ka Fonn nan 100 Gram Dlo (g)
0	30
20	37
40	46
60	55
80	65
100	76

75 Konstwi yon graf an liy nan griy anba a. Itilize yon **X** pou fè desen mas klori amonyòm maksimòm ki ka fonn nan 100 gram dlo nan chak tanperati dlo yo montre nan tablo enfòmasyon an. Konekte **X** yo ak yon liy. [2]

Solublite Klori Amonyòm



76 Ki mas klòri amonyòm maksimòm ki ka disoud nan 100 gram dlo nan tanperati 70°C? [1]

_____ gram

77 Bay ki relasyon ki genyen ant tanperati dlo ak mas klòri amonyòm maksimòm ki ka fonn nan 100 gram dlo? [1]

78 Yon klas syans fè yon eksperyans pou jwenn si moun ki dwate kapab atrap pi byen ak men dwat pase men gòch. Senk elèv dwate eseye chak kenbe yon boul 20 fwa ak men dwat epi 20 fwa ak men gòch. Yo montre rezilta yo anba a.

Rezilta Eksperyans Atrap

Elèv	Kantite Atrap ak Men Dwat nan 20 Eseyaj	Kantite Atrap ak Men Gòch nan 20 Eseyaj
A	19	15
B	20	13
C	17	12
D	19	16
E	20	14
Kantite Atrap an Mwayèn pa Etidyan	19	14


Idantifye *de* faktè ki ta dwe rete menm jan nan eksperyans sa a. [2]

(1) _____

(2) _____

Sèvi ak dyagram anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 79 ak 80 yo. Dyagram nan montre plizyè fòm enèji elektwomayetik.

Espèk Elektwomayetik



(Pa desinen sou echèl)

79 Yo bay kat fòm enèji elektwomayetik anba a:

- limyè visib
- reyon iltravyolèt
- reyon x
- mikwo onn

Nan tablo anba a, ranje kat fòm enèji elektwomayetik sa yo nan lòd sòti nan longèdonn pi long nan pou rive nan longèdonn pi kout la. [1]

Longèdonn	Fòm Enèji Elektwomayetik
Longèdonn ki pi Long	
↓	
Longèdonn ki pi Kout	


80 Yo bay kat fòm enèji elektwomayetik anba a:

limyè vizib
reyon ultravyolèt
reyon x
mikwo onn

Konplete tablo anba a pandan w ap idantifye fòm enèji elektwomayetik apati lis yo bay la pou chak faktè yo dekri yo. Itilize chak fòm enèji yon sèl fwa. [1]

Enfòmasyon sou Fòm Enèji Elektwomayetik	Fòm Enèji Elektwomayetik
kapab lakòz brile solèy	
sèvi pou detekte zo ki kase	
fèt ak plizyè koulè	
sèvi pou fè manje	

81 Mete yon **X** sou tablo anba a pou endike yon pozisyon nan 20° S 60° Lwès. [1]



For Teacher Use Only
Part II Credits

Question	Maximum Credit	Credit Allowed
46	1	
47	1	
48	1	
49	1	
50	1	
51	1	
52	1	
53	1	
54	1	
55	1	
56	1	
57	1	
58	1	
59	1	
60	1	
61	1	
62	1	
63	1	
64	1	
65	1	
66	1	
67	1	
68	1	
69	1	
70	2	
71	2	
72	1	
73	1	
74	1	
75	2	
76	1	
77	1	
78	2	
79	1	
80	1	
81	1	
Total	40	